

# Varyòl makak: Kesyon yo Poze Souvan pou Pasyan yo

## Enfòmasyon Jeneral

### Ki sa ki varyòl makak?

Varyòl makak se yon enfeksyon viral ki lakòz yon gratèl sou po ki ka sanble ak bouton oswa ti zanpoul. Premye fwa yo te idantifye li se nan ane 1950 yo nan yon koloni makak malad. Premye ka moun an te anrejistre an 1970. Pifò ka anvan epidemi mondyal 2022 aktyèl la te fèt nan moun nan Afrik Santral ak Lwès ki te gen kontak ak ti mamifè tankou makak, ekirèy, ak sourit. Pifò enfeksyon andeyò Afrik yo te gen rapò ak vwayaj.

### Èske gen yon epidemi kounye a?

Premye ka epidemi 2022 la te kòmanse ak yon gwoup ka yo te jwenn nan Wayòm Ini. Premye ka ki te idantifye Ozetazini te rapòte nan dat 18 me 2022. Dapre Sant Ameriken pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC), plis pase 102 peyi yo te rapòte ka varyòl makak apati mitan mwa Jiyè 2022. Plis pase 59,000 ka yo te konfime nan lemond antye. Ou ka aprann plis sou epidemi mondyal la sou [kat jeyografik ak zouti depistaj ka](#) CDC la.

## Ki jan li gaye

### Èske varyòl makak gaye fasil?

Viris varyòl makak la pa fasil transmèt ant moun. Varyòl makak gaye atravè kontak sere, pèsònèl, souvan po a po. Moun ki pa montre sentòm yo pa konsidere yo ka bay lòt moun enfeksyon an.

### Ki jan varyòl makak gaye?

Varyòl makak ka gaye rive nenpòt moun atravè kontak sere, pèsònèl, souvan po a po tankou:

- Kontak dirèk ak gratèl varyòl makak, kal, oswa likid kò yon moun ki gen varyòl makak
- Manyen objè, twal (rad, lenn kabann, oswa sèvyèt), ak sifas ki te itilize pa yon moun ki gen varyòl makak.
- Kontak ak likid ki soti nan bouch, nen, gòj, oswa poumon yon moun ki gen varyòl makak.
- Nan moun ki ansent, viris la ka gaye rive fetis la atravè plasenta a

### Èske varyòl makak se yon enfeksyon seksyèlman transmisib (MST)?

Li pa kategorize kòm yon MST. Varyòl makak ka gaye atravè plizyè kalite kontak. Sepandan, pandan epidemi aktyèl la, anpil ka gaye atravè [rankont seksyèl](#).

### Ki moun ki an risk?

Nan moman sa a, yo kwè risk varyòl makak Ozetazini yo ba. Varyòl makak gaye prensipalman nan kontak sere. Moun ki pa gen sentòm varyòl makak yo pa konsidere yo ka bay lòt moun enfeksyon an.

Nan epidemi aktyèl sa a, anpil nan ka yo pami rezo sosyal moun ki idantifye tèt yo kòm gason ki renmen gason oswa biseksyèl ak lòt gason ki fè sèks ak gason.

Moun ki gen sistèm iminitè febli, timoun ki poko gen 8 an, moun ki gen yon istwa maladi po tankou ekzema, ak moun ki ansent oswa ki bay tete ka gen plis chans pou yo vin malad grav.

### Kouman mwen ka diminye risk pmou wen ekspoze a varyòl makak?

- Evite kontak sere ak moun ki enfekte ak varyòl makak oswa bagay pèsone l yo, tankou dra yo oswa lesiv yo.
- Lave men ou souvan ak byen.
- Mete yon mask ak gan oswa lòt pwoteksyon lè w ap pran swen yon moun ki gen varyòl makak oswa sentòm maladi a.
- Si w gen plizyè patnè sèks oswa patnè sèks anonim, sa ka ogmante chans ou genyen pou w ekspoze a varyòl makak. Limite kantite patnè sèks ou yo ka diminye risk pou ou ekspoze.

## Sentòm ak dyagnostik

### Ki sentòm li yo?

Premye sentòm varyòl makak anjeneral gen ladan lafyèv, maltèt, fatig, doulè nan misk, gòj fè mal, tous, ak gangliyon lenfatik anfle. Kèk jou apre sentòm sa yo kòmanse, yon gratèl sou po oswa tach sou po parèt. Gratèl la chanje avèk letan. Sentòm yo ka diferan pou diferan moun. Pa egzanp, gen kèk moun ki ka gen yon gratèl an premye epi apre sa montre lòt sentòm yo. Gen lòt ki ka **sèlman** gen yon gratèl. Sentòm yo pi souvan toupiti. Gratèl la ak sentòm grip yo ka lakòz malèz ki pa twò grav. Nan ka ra, yon maladi pi grav ka rive ki ka mande entènè lopital. Anjeneral, sentòm yo parèt youn a de semèn apre enfeksyon.

### Ki jan gratèl varyòl makak la sanble?

Okòmansman, gratèl la ka kòmanse tankou zòn plat wouj sou po a. Apre sa a, yo toune vin bouton. Bouton sa yo vin plen ak yon likid klè. Sa yo chanje vin boul ki plen pi. Gratèl po a vin kwout epi li fòme kal, ki dekalè tonbe. Gratèl la ka afekte sèlman yon pati kò a. Oswa, li ka gaye nan plizyè pati kò a. CDC gen [egzanp gratèl ak zanpoud varyòl makak](#) nan sit entènèt li.

### Ki jan yo dyagnostike varyòl makak?

Yon founisè pase yon aplikatè sou yon zanpoud oswa yon kote ki malad la pou kolekte yon echantiyon. Yon laboratwa sèvi ak echantiyon an pou fè dyagnostik varyòl makak avèk tèspesyal.

### Konbyen tan moun ki gen varyòl makak yo kontajye?

Moun ki gen varyòl makak yo kontajye jiskaske tout blesi po yo fin tonbe. Maladi a anjeneral dire 2-4 semèn.

## Ekspozisyon

### Mwen te ekspoze a varyòl makak. Kisa mwen ta dwe fè?

Kontakte founisè swen sante ou si ou panse ou te ekspoze. Ou ka elijib pou pran vaksen an. Founisè w la ap bezwen fè evalyasyon risk ak ekspozisyon. Yo ka refere w pou pran vaksen si w satisfè kritè CDC aktyèl yo pou vaksinasyon an.

Toutotan ou pa gen sentòm, ou pa bezwen mete nan karantèn apre ou ekspoze. Sepandan, ou ta dwe kontwòle tèt ou pou sentòm yo.

Siveye sentòm ou yo pandan 21 jou apre ekspoze a.

- Si ou **santi ou malad oswa lafyèv** (gen yon lafyèv 100.4°F (38°C) oswa pi wo, frison, gratèl, oswa gangliyon lenfatik anfle), izole **tèt ou imedyatman** epi kontakte depatman sante a imedyatman.
- Si ou **pa** gen okenn sentòm, ou ka kontinye aktivite woutin chak jou tankou ale nan travay oswa lekòl. Sepandan, ou pa ta dwe bay san, selil, tisi, lèt tete, espèm oswa ògàn pandan peryòd siveyans 21 jou a.



### **Konbyen tan apre ekspoze sentòm yo parèt?**

Sentòm yo parèt anjeneral nan 7-14 jou apre ekspoze, men sa kapab fèt nan 5-21 jou.

## **Vaksen**

### **Èske gen yon vaksen? Ki moun ki elijib?**

Vaksen JYNNEOS (yo rele tou Imvamune oswa Imvanex) disponib pou moun ki abite oswa ki travay nan Massachusetts epi ki satisfè [kritè kalifikasyon aktyèl yo](#). Pou jwenn enfòmasyon sou aksè a vaksen nan New Hampshire, tanpri tcheke [sit entènèt Depatman Sante New Hampshire](#).

Founisè swen sante w la ap bezwen fè evalyasyon risk ak ekspozisyon anvan to refere w pou pran vaksen an. Yon fwa yon founisè konfime kalifikasyon ou, pasyan yo ka pran pwòp randevou. [Gen anpil kote](#) ki ofri vaksen an. Ou pa bezwen pou ou yon pasyan deja pou pran yon randevou. Ou ka bezwen rele plizyè klinik anvan ou jwenn youn ki ka ba ou randevou.

Tanpri sonje ke kounye a gen anpil dòz JYNNEOS. Yo bay moun ki gen plis risk pou yo ekspoze a yon moun ki gen varyòl makak priyorite pou vaksinasyon an.

## **Tretman**

### **Ki tretman pou varyòl makak?**

Anpil moun ki enfekte ak viris varyòl makak la gen yon maladi ki pa grav ki pa bezwen tretman. Pa gen tretman espesyalman pou enfeksyon viris varyòl makak. Sepandan, yo ka rekòmande antiviral tankou tecovirimat (TPOXX) pou moun ki gen maladi grav oswa ki gen plis chans pou yo vin malad grav. Moun ki gen sistèm iminitè febli, timoun ki poko gen 8 an, moun ki gen yon istwa maladi po tankou ekzema, ak moun ki ansent oswa ki bay tete ka gen plis chans pou yo vin malad grav. Si w vin enfekte ak varyòl makak epi w satisfè kritè pou tretman antiviral, founisè swen sante w la ka rekòmande tretman ak tecovirimat.

### **Si mwen teste pozitif, konbyen tan mwen bezwen izole?**

Izolman ta dwe kontinye jiskaske tout blesi po yo rezoud, kal yo tonbe, ak yon nouvo kouch po entak fòme. Se founisè swen sante w ak otorite sante piblik yo ki pral detèmine sa.

## **Bèt Kay yo**

### **Èske bèt kay mwen an ka pran varyòl makak?**

Bèt ki enfekte ak varyòl makak ka ba lòt moun viris la. Li posib ke moun ki enfekte ka bay bèt varyòl makak pa kontak sere. Kontak sere gen ladann karese, chouchoutay, anbrase, bo, niche, dòmi menm kote, ak pataje manje. Moun ki gen varyòl makak ta dwe evite kontak ak bèt, tankou bèt kay, pou anpeche viris la gaye.

### **Kouman pou m okipe bèt kay mwen an si mwen gen varyòl makak?**

Si ou gen varyòl makak epi ou **pa t gen yon kontak sere ak bèt kay** apre sentòm yo parèt, mande zanmi oswa manm fanmi ki abite yon lòt kay apa pou okipe bèt la jiskaske ou geri. Apre ou fin geri, dezenfekte kay ou anvan ou etounen bèt ki an sante la lakay ou.

Si w gen varyòl makak epi ou **te gen kontak sere ak bèt kay apre sentòm ou yo te kòmanse**, ou ta dwe kenbe bèt la kay la epi lwen lòt bèt ak moun pou 21 jou apre dènye kontak la. **Ou pa ta dwe okipe bèt kay ki ekspoze.** Si sa posib, yon lòt manm nan kay la ta dwe okipe bèt la jiskaske ou refè nèt.



Si ou gen varyòl makak epi ou dwe okipe bèt kay ki an sante pandan izolman lakay ou, lave men ou, oswa itilize yon fwote men abaz alkòl, anvan ak apre ou okipe yo. Li enpòtan tou pou kouvri nenpòt gratèl sou po a nan pi bon mezi posib (sa vle di manch long, pantalon long), epi mete gan ak yon mask ki byen adapte oswa respiratè pandan w ap bay bèt ou yo swen.

- Pa mete yon mask sou bèt kay ou.
- Evite kontak sere ak bèt kay ou.
- Asire w ke bèt kay ou a pa antre an kontak ak atik ki kontamine nan kay la tankou rad, dra, ak sèvyèt moun ki gen varyòl makak itilize san pa fè atansyon.
- Pa kite bèt yo antre an kontak ak gratèl, pansman ki sèvi deja, ak likid kò.
- Asire ke manje, jwèt, kabann, oswa lòt bagay ou bay bèt ou a pandan izolman li pa antre an kontak dirèk ak po oswa gratèl ki pa kouvri.

## Plis enfòmasyon

- [Konsènan varyòl makak](#) | CDC
- [Epidemi varyòl makak 2022 la](#) | CDC
- [Apèsi jeneral sou varyòl makak Overview](#) | MA Depatman Sante Piblik
- [Vaksinasyon varyòl makak](#) | MA Depatman Sante Piblik
- [Kesyon yo poze souvan sou varyòl makak](#) | NH Depatman Sante ak Sèvis Imen

*Mizajou 15 septanm 2022*

